

Nimewo 28.15

DEKRÈ EGZEKITIF

DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NEW YORK

KONSIDERE KE, dapre seksyon 362 ak 365 Lwa Sèvis Sante Piblik (42 U.S.C §§ 362 ak 365, ak règleman aplikasyon nan 42 C.F.R. § 71.40, nan 2 out 2021, Direktè Sant Kontwòl Maladi Etazini (Center for Disease Control, CDC) te pibliye yon *Re-evalyasyon Sante Piblik ak Òdonans pou Sispansyon Dwa pou Entegre Sèten Moun ki soti nan Peyi Kote Yon Maladi Kontajye ki Sijè a Karantèn Egziste* ("Òdonans Tit 42 la");

KONSIDERE KE, Òdonans Tit 42 a entèdi migrasyon "etranje ki kouvri" yo nan peyi Etazini ki vwayaje soti Kanada oswa Meksik (kèlkeswa peyi orijin yo) ke, yon lòt fason, t ap entegre nan yon anviwònman kolektif nan yon pò antre oswa nan yon estasyon Patwouy Fwontyè Etazini nan peyi Etazini ak fwontyè kotyè adjasan yo oswa toupre;

KONSIDERE KE, menm avèk Òdonans Tit 42 a ki anvigè a, yon gwo kantite imigran ki gen bezwen lojman ak sèvis imedyat te rive nan Vil la ak Eta New York pandan premye mwa nan ane a: apati mwa me 2023, Vil New York, poukont li te bay lojman tanporè pou 36,738 imigran ki soti nan fwontyè sid la, yon kantite ki te ogmante a 12,279 moun depi janvyè 2023; ak yon lòt 1,578 moun nan sèlman yon semèn.

KONSIDERE KE, depi lè ekspirasyon Òdonans Tit 42 a nan dat 11 me 2023, plizyè milye lòt moun te chècheabri nan New York, kote Vil New York sèlman aktyèlman responsab pou bayabri ak plis pase 65,500 migran;

KONSIDERE KE, sipò federal enpòtan anpil pou sipòte Vil New York ak lòt gouvènman lokal nan Eta a ki manke enfrastruktir, enstalasyon, ak resous ki nesèsè pou satisfè demann imanitè imedyat pou loje ak satisfè lòt bezwen debaz arive gwo kantite imigran; epi

KONSIDERE KE, arive plis kantite imigran k ap chècheabri nan Vil la ak Eta New York yo prevwa agrave yon kriz imanitè ki deja a gwo echèl epi kreye yon ijans katastwòf kote gouvènman lokal yo pa kapab byen reponn, sa ki kreye yon menas pou sante ak sekirite, ki ka lakòz pèt lavi oswa pwopriyete; epi

KOUNYE A, KIDONK, MWEN MENM, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta New York, grasa otorite Konstitisyon Eta New York la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen, mwen pwolonje Ijans Poutèt Katastwòf nan Eta a jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif 28 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 28.13, epi kontinye tèm, kondisyon, ak sispansyon ki nan Dekrè Egzekitif 28 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 28.13, jiska 1ye out 2024.

F È T anba siyati mwen ak So Prive
Eta a nan Vil Albany, nan dezyèm
jou mwa jiyè nan ane de
mil vennkat.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a